

Scripture Reading Creole

Lekti Biblik Kreyòl

An Nou li e Medite sou Levanjil Sen Mak

Sen Jan Baptis ap Pwoklame Pawòl la

Chapit 1 se entwodiksyon, on avangou sou Ministè Jezi lan Galile. Na p li sou preparasyon Jezi pou Ministè li. Premye Chapit Levanjil Sen Mak an emo se on Prefas sou Ministè Jezu a— Senyè a ap prepare l pou pwoklame Bòn Nouvèl la.

Pati 1 - Sen Jan Baptis mesaje Bondye ap Pwoklame Pawòl la 1: 1- 8; (Chapit 1 vèsè 1 a 8)

Jean Batis ap Batiz e- Jezi 1: 9 a 11 (Chapit 1 vèsè 9 a 11)

Tantasyon Jezu - Santan teste Jezu - 1: 12-13 (Chapit 1 vèsè 9 a 11)

1 Men kòmansman Bon Nouvèl ki sou Jezikri, Pitit Bondye a.

2 Nan liv pwofèt Ezayi a, men sa ki te ekri: Bondye di: “Men m ap voye mesaje m lan devan pou prepare wout pou ou. 3 On vwa pouse on gwo kri nan dezè a: “Fè wout pou Seyè nou an. Trase chemen an byen plat pou li. ‘

4 Se konsa Jan te parèt nan dezè a, li t'ap batize, li t'ap mache pwoklame mesaj repantans pou remisyon ouswa padon pou peche nou yo. 5 Tout moun nan peyi Jide a ansanm ak tout pèp lavil Jerizalèm lan te vin jwenn li. Yo te konfese peche yo devan tout moun, epi Jan te batize yo nan larivyè Jouden an.

6 Jan te mete yon rad pwal chamo sou li, ak yon sentiwon an po mare nan ren li. Li te manje krikèt ak gato myèl li te jwenn nan forè a. 7 Li t'ap mache bay mesaj sa a: -Moun k'ap vin apre m' lan gen anpil pouvwa pase m'. Mwen pa bon ase pou m ta bese demare (delase) sapat nan pye li. 8 Mwen menm, mwen batize nou nan dlo. Men li menm, la batize nou nan Espri sen a.

Sen Jan Batis ap Batize Jezi - 1: 9 a 11

9 Lan menm epòk sa a Jezi ap soti Nazarèt, on vilaj lan Galile. Jan te batize l nan larivyè Jouden. 10 Antan Jezi t'ap soti nan dlo a, li wè syèl la louvri, epi Espri a, kouwè on kolonb, desann sou li. 11 Li tande yon vwa lan firmaman ki soupire: “Ou se Pitit mwen renmen anpil la. Ou se lajwa lan kè m.”

Tantasyon an - Satan teste Jezu lan dezè 1: 12-13

12 Touswit apre sa, L'Espri a pouse Jezi nan dezè a. 13 Li rete la pandan karant jou; E se la Satan vin tante l'. J ezi t'ap viv nan mitan bèt forè yo, e zanj Bondye yo t'ap voye je sou li.